Leson 4.5 Fèt travay ak agrikilti

Konsiy

Site tout rezon pyebwa gen enpòtans nan lavi nou.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 4 SEMÈN ANVIWÒNMAN

Leson 4.1 *Jozefin*

Lendi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou koute istwa *Jozefin*. Mande timoun ou fè 3 desen diferan ki montre ki jan yon pye mango ka pouse. Premye desen an dwe montre yon grenn mango ki fèk ap plante nan tè. Dezyèm desen an dwe montre jan pye mango a ap leve. Twazyèm nan ap donnen fwi ! Pa bliye mete tè, solèy, ak dlo nan imaj yo. Ekri chif 1, 2, ak 3 pou montre 3 etap nan kwasans pye mango a.

Leson 4.2 Enpòtans fotosentèz pou plant

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen ki montre pwosesis fotosentèz la. Fotosentèz se pwosesis ki pèmèt plant vèt yo fè pwòp manje yo. Epi fè desen dlo k ap wouze tè a tou (li kapab lapli, pa egzanp). Mete solèy nan desen w lan. Fotosentèz pran dlo, solèy, ak lè, li transfòme yo. Mete rasin nan plant lan.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 4.3 Diferan pati nan yon plant

Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen yon plant ki gen rasin, tij, fèy, flè ak fwi. Lè li fini, mande l pou li idantifye tout pati ki nan plant la.

Leson 4.4 Konte ak fèy plant

Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, 40 ti wòch oubyen ti grenn pwa

Mande pitit ou fè desen yon plant sou fèy papye li a, ki gen 2 branch ak 20 grenn fèy ladan l. Mete 10 fèy sou chak branch. Kontwole ansanm. Montre pitit ou jan ou ka sanble 10 ti wòch oubyen grenn pwa ansanm pou l fè yon pil. Mande li fè total la : 1 dizèn + 1 dizèn = 2 dizèn, alòs 2 dizèn = 20 inite, sa vle di 20 grenn. Eseye varye kantite yo ak pitit ou. Mande li si li bezwen 4 dizèn, konbyen inite oubyen dizèn pou li ajoute, yon fason pou li ka metrize dizèn ak inite.

Leson 4.5 Fèt travay ak agrikilti

Vandredi

Materyèl : Grenn, yon vye veso, tè, dlo

Plante pyebwa se yon jès enpòtan, senbolik, pou montre devouman nou nan pwoteksyon anviwònman an. Pran san ou jodi a pou ou cheche grenn ki sèvi pou plante pye bwa, grenn sitwon, grenn zoranj, grenn mango, grenn zaboka. Mete yon grenn nan tè bò lakay ou ouswa nan yon vye veso ki gen tè ladan. Sonje pou ou toujou ba li dlo pou li ka leve.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.